

Dat: \_\_\_\_\_  
Nimewo Dosye: \_\_\_\_\_  
Non Dosye a: \_\_\_\_\_  
Sant: \_\_\_\_\_

## Fich enfòmasyon ki gen opsyon sèvis a distans pou patisipasyon volontè nan yon fòmasyon. (Haitian Creole)

Menmsi li pa obligatwa, si ou bezwen enskri nan fòmasyon pou sèvis sipò, nou ankouraje w pwofite sèvis enskripsyon a distans nan Edikasyon ak Sèvis pou Jèn (Education & Youth Services), (TAG). Tanpri remake ou gen chwa pou w pa enskri aktivite fòmasyon ak edikasyon ou a si w pa bezwen sèvis sipò, epi yo p ap pran okenn aksyon negatif kont dosye ou an.

Pou tout moun k ap patisipe nan yon pwogram fòmasyon epi ki bezwen sèvis sipò, l ap pi bon pou ou si w soumèt dokiman pou fòmasyon w lan pi bonè ou kapab. Gen tikè pou bis ki disponib pou moun ki pa enskri a 100% nan opòtinite pou edikasyon ak fòmasyon a distans yo.

Lè nou resevwa dokiman pou fòmasyon ou an, yon manm pèsonèl Administrasyon Resous Imèn ak Gwoup Evalyasyon pou Fòmasyon (Human Resources Administration, HRA Training Assessment Group, TAG) ap rele w. Si enfòmasyon pou kontakte ou yo pa ajou, ou ta dwe kontakte nou pa imèl pou bannou yon nimewo telefòn k ap mache k ap pèmèt nou kontakte w.

Ansyen elèv CUNY EDGE konn pwosesis sa a byen deja epi yo dwe kontinye travay dirèkteman avèk konseye CUNY EDGE la pou ranpli lèt yo. Nouvo elèv yo ka vizite: <https://www1.cuny.edu/sites/cunyedge/> pou yo aprann plis.

Ou ka soumèt dokiman w yo atravè youn (1) nan opsyon sa yo: Si w gen nenpòt kesyon, ou ka voye yon imèl oswa kite yon mesaj nan nimewo jeneral Administrasyon Resous Imèn ak Gwoup Evalyasyon pou Fòmasyon (HRA TAG) w ap jwenn anba a:



**IMÈL** (nou pi pito l) – [tagcustomerservice@hra.nyc.gov](mailto:tagcustomerservice@hra.nyc.gov)



**FAKS** – (212) 896-5734



**LAPÒS** – Education and Youth Services - Training Assessment Group (TAG)  
109 East 16th Street, 11th Floor  
New York, NY 10003



**TELEFÒN** – (929) 252-5659

(Vire Paj la)

## Enfòmasyon Sou Sèvis A Distans Yo

Ap gen yon egzamen evalyasyon ki fèt après. Evalyasyon sa a pral ede nou detèmine si yo kapab apwouve enskripsyon w lan. Si pwogram ou an pa sou lis pwogram Administrasyon Resous Imèn la apwouve, yon anplwaye nan Administrasyon Resous Imèn ak Gwoup Evalyasyon pou Fòmasyon an kapab ba w enstriksyon pou w anrejistre pwogram la pou li kapab vini yon founisè fòmasyon yo apwouve.

Tout patisipan ki kalifye pou patisipasyon yo nan yon pwogram fòmasyon ak edikasyon ki konte kòm yon aktivite pwofesyonèl Èd lajan kach (Cash Assistance, CA) rekonèt, ap gen pou pase yon egzamen epi apwobasyon Administrasyon Resous Imèn ak Gwoup Evalyasyon pou fòmasyon. Nan fen evalyasyon w lan, yon anplwaye Administrasyon Resous Imèn (HRA) lan ak Gwoup Evalyasyon pou Fòmasyon (TAG) an ap konfime si yo te fè enskripsyon w lan.

### **Dokiman ki obligatwa pou Enskripsyon nan Fòmasyon an:**

**Si w ta renmen Administrasyon Resous Imèn (HRA) lan ak Gwoup Evalyasyon pou Fòmasyon (TAG) an fè enskripsyon pou fòmasyon w lan, ou dwe fè lekòl oswa pwogram fòmasyon ou enskri aktyèlman an ranpli Lekòl Administrasyon Resous Imèn/Lèt pou Enskripsyon nan Fòmasyon an (Fòm HRA-154) ki vini avèk lèt sa a. Ou kapab voye yon imèl, faks, oswa voye Fòm HRA-154 pa lapòs avèk dokiman sa yo\***

- Yon resi ki sòti nan men ajan anrejistreman oswa ajan kontab lan;
- Yon orè klas la;
- Yon lèt aseptasyon sou papyè avèk antèt lekòl la ki idantifye etidyan an ak dat kòmansman ak finansman semès la.
- Si ou patisipe nan Etid Travay Federal (Federal Work Study, FWS), epi/oswa estaj, ou dwe mete lèt FWS yo ba ou a ak Verifikasyon Orè Elèv (**HRA-152e**) an.
- Si ou enskri kounye a nan yon pwogram edikasyon ki ale pi lwen pase premye semès oswa tèm ou a, ou pral bezwen bay yon relve nòt ki konfime mwayèn nòt ou a (Grade Point Average, GPA).

\* Tout dokiman yo dwe gen yon dat ki pa depase 30 jou anvan dat fòmasyon ou an ap kòmanse. Kòm se yon randevou a distans, metòd yo aksepte pou soumèt dokiman yo gen ladan l: imèl (nou pi pito l), faks, ak lapòs. Ou dwe voye dokiman w yo nan adrès lapòs Gwoup Evalyasyon pou Fòmasyon (TAG) ki se 109 East 16 th Street, 11 th floor, New York, NY 10003. Administrasyon Resous Imèn rezève l dwa pou mande plis dokiman pou jistifye enskripsyon an **Remak: Patisipan yo ta dwe mete non konplè yo, nimewo telefòn, adrès imel, ak nimewo dosye yo sou tout dokiman yo soumèt yo. Si sa posib, tanpri fè yon kopi tout dokiman ou voye pa lapòs nan Gwoup Evalyasyon ak Fòmasyon an.**

**(Vire Paj la)**

### **Dokiman ki obligatwa pou Enskripsyon nan Fòmasyon an (kontinye):**

Si nenpòt nan bagay sa yo gen pou wè ak ou, ou pral bezwen soumèt plis dokiman:

1. Si ou resevwa yon diplòm oswa sètifika pa twò lontan, tanpri bay prèv sou fòm yon kopi diplòm ou genyen an oswa yon lèt ki sòti nan lekòl la ki verifye ou te fini ak pwogram nan.
2. Si w ap deklare yon travay, ou pral bezwen soumèt prèv travay (lèt Travay, Souch chèk).
3. Si ou gen timoun minè, ou ka resevwa dokiman gadri pou ou menm ak founisè gadri ou an ranpli. Si sa rive, tanpri voye dokiman ki ranpli sa yo ansanm ak dosye enskripsyon w lan. Si ou bezwen kontakte Administrasyon Resous Imèn ak Gwoup Evalyasyon pou fòmasyon, tanpri voye yon imèl oswa rele.

### **Lòt Enfòmasyon Enpòtan:**

- Si ou gen dèt ki sòti nan prè etidyan oswa ou ta renmen evite fè sa, Administrasyon Resous Imèn ak Gwoup Evalyasyon pou fòmasyon ofri konsèy sou dèt ak konsèy pou ede w avèk planifikasyon finansyè, solisyon pou dèt ak konsèy pou fè ekonomi. Si ou ta renmen resevwa sèvis sa yo oswa si ou vle pale ak yon konsèyè pou dèt, ou ka mande sèvis sa yo lè Administrasyon Resous Imèn ak Gwoup Evalyasyon pou fòmasyon an kontakte w.
- Si ou pa lekòl epi ou pa enterese enskri lekòl, tanpri pa okipe avi sa a. Sepandan, si ou ta renmen enskri nan yon pwogram fòmasyon epi ou ta renmen jwenn èd pou jwenn youn (1), tanpri ale nan lyen ki anba a pou wè Lis Pwogram Fòmasyon ak Edikasyon ki disponib nan Administrasyon Resous Imèn.

<https://a069-atp.nyc.gov/atp/TAPEnginesearch.cfm>

Si ou gen kesyon oswa ou bezwen èd, ou ka voye yon imèl oswa rele Administrasyon Resous Imèn ak Gwoup Evalyasyon pou fòmasyon.

**Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa andikap?** Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa sa a mande pou ou fè? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan Administrasyon Resous Imèn? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan 212-331-4640. Ou ka mande pou èd tou lè w vizite biwo Administrasyon Resous Imèn la. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a selon lalwa.